CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #७०

२९ ।६ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## स्वास्थ्य संरचना निर्माण सम्बन्धी सरकारद्वारा सार्वजनिक कएलगेल विवरण

७ प्रदेशके १४ टा अस्पतालसँ गरिब तथा विपन्न वर्गके आकस्मिक सेवा नि:शुल्क उपलब्ध कराबलेल
**रु. १४ करोड**

१० टा अस्पतालमे ट्रमा युनिट बनाएल जासके तैके लेल हरेक युनिटके लेल रु. ५० लाखके दरस
**रु. ५ करोड**

कोशी अस्पताल, नारायणी अस्पताल, भरतपुर अस्पताल आ पोखरा स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठानके ९ करोडके दरसं आकस्मिक कक्ष बनाबके लेल
**रु. ३६ करोड**

चालु आर्थिक वर्षमे ३८६ स्थानीय तहमे आधारभुत अस्पताल बनाबके लेल
**रु. ६ अर्ब ४ करोड**

अखनके ५२ टा जिलाके जिला अस्पतालसभके ५० शैया बनाब प्रति शैया रु. १ लाखके दरसं ८६६ बेड थपके लेल
**रु. ८ करोड ६६ लाख**

अखनके अञ्चल आ उपक्षैत्रिय अस्पतालके २०० शैयाके बनाब ११ अस्पतालमे १ हजार ३५ बेड थप
**रु. १० करोड ३५ लाख**

कोशी, नारायणी, भरतपुर, भेरी, डडेलधुरा असपताल, पोखरा आ कर्णाली स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठानमे ५०० शैयाके बनाब रु. ७ करोडके दरसँ
**रु. ४९ करोड**

प्रयोगशाला परीक्षण सहितके न्युनतम ५० शैयाके प्रदेश स्तरिय अत्याधुनिक अस्पताल स्थापना कर प्रत्येक प्रदेशमे रु. ८ करोडके दरसं
**रु. ५६ करोड**

१३ नाकामे हेल्थ डेस्क स्थापना कर
**रु. १० करोड १५ लाख ६० हजार**

१८ अस्पतालमे स्याटालाईट अस्पताल सञ्चालन कर
**रु. ५४ लाख**

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep/videos/976488249521675

## नेपाल अपडेट




दशमी, दिपावली छठ पाबैनके लक्षित करैत सुर्खेतमे सञ्चालनमे आएल सुप्पत दाम दोकानमे सामान किनैत ग्राहक

चित्र: आकाशतारा वयक

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १२,३७,६३६
पोजेटिभ: १,२१,७४५
उपचाररत: ३६,५३३
मृत्यु : ६९४
सन्चो भएका : ८४,५१८




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



कोभिड - १९ के परीक्षण शुल्क आब जम्मा १ हजार रुपैयाँ मात्रे तिर परत् कहैत अछि त ?

ई शुल्क पिसिआर परीक्षणके लेल नै भलक, एन्टीजेन परीक्षणके लेल तोकलगेल छै । रास्ट्रयि जनस्वास्थ्य प्रयोगशालाके अनुमती प्राप्त केने प्रयोशाला मात्रे एन्टीजेन परीक्षण कर पाओत । एकर परीक्षण शुल्क अधिकतम १ हजार रुपैयाँ लागत । लेकिन, उक्त एन्टीजेन टेष्टके लेल लक्षित समुह तोकलगेल छै । ओई लक्षित समुहमे मास स्क्रिनिङ, तुरुन्त रिपोर्ट चाहवला अवस्था (जेना: अस्पताल), समुहगत आवासमे रहवला ब्यक्तिसभ (जेना: ब्यारेक, कारागार, छात्रावास, बृद्धाश्रम ईति) परैत अछि ।


स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1To0nfDp5SKA1sTW0AfAcgzJHLmhl7yA1/view



दशमीमे घर जायवला यात्रुके लेल सरकार अनलाईन टिकट किनके सेवा शुरु केलक ?

मध्यम तथा लम्बा दुरीमे सञ्चालित बस सेवाके ब्यवस्थित तथा कोभिड - १९ के संक्रमणके जोखिम न्युनिकरण करके उद्देश्यसं यातायात ब्यवस्था विभाग यात्रुवाहक सार्वजनिक यातायात सेवाके अनलाईन टिकट किन-बेच सम्बन्धि निर्देशिका जारी केलक अछि । लेकिन, अनलाईन टिकट किन-बेच सेवा शुरुए नै भगेल छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/bgsNKOV



लोकसेवा आयोगके परीक्षामे कोभिड - १९ सं संक्रमित परीक्षार्थी सहभागी होब नै पेतै कहादन । कि तै के लेल पिसिआर परिक्षाण रिपोर्ट पेश करहे परतै ?

लोकसेवा आयोगद्वारा सार्वजनिक कएलगेल संक्रमणके विशेष अवस्थामे परीक्षा सञ्चालन तथा ब्यवस्थापन सम्बन्धी मापदण्ड २०७७ अनुसार परीक्षामे सहभागी होबवला परीक्षार्थीके अपने कोभिड - १९ के संक्रमणसं संक्रमित भेल/नैभेल स्वयम् घोषणा कर पड्त । संक्रमित परीक्षार्थीके परीक्षा केन्द्रमे प्रवेश कर नै हेतै कहलगेल छै । एकर मतलब परिक्षामे सहभागि होबवला परिक्षार्थीके पिसिआर रिपोर्ट पेश कर पड्तै से नै कहलगेल छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/4go3vbp



अई दशमीमे नयाँ नोट सटही नै हेतै बला बात साँच छै ?

अई वर्षके दशमीमे नयाँ नोट वितरण नै होबवला छै । नेपाल राष्ट्र बैंकद्वारा रविदिन सूचना निकाईल कल कोरोना भाईरस महामारीके कारण अई वर्षके पाबैनतिहारमे नयाँ नोट वितरण नै हेतै से जनौलक अछि । नयाँ नोट सटहीके क्रममे भिडभाड होबसकैय आ कोरोना संक्रमणके जोखिम रहलासं नोट वितरण नै करके निर्णय भेल राष्ट्र बैंकद्वारा जनाओल गेल छै ।

स्रोत: https://www.nrb.org.np/

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु


accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,४०,५९० संक्रमित | १,१३,२६९ संक्रमित | ७६,६२१ संक्रमित | १,२८,६०३ संक्रमित | १,१०,०३९ संक्रमित | १,०८,२९६ संक्रमित | १७,५४० संक्रमित | २४,९८८ संक्रमित |
| ४,१०७ नेपाली संक्रमित | १,७३५ नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २४,३०४ नेपाली संक्रमित | २,४०० नेपाली संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | २ नेपाली संक्रमित |
| ५२ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३७ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |

- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## मध्यपूर्वमे सामाजिक सञ्जाल प्रयोग सम्बन्धी कडा नियम

मध्यपूर्वमे प्राय:जेना देशसभमे साईबर सेक्यूरिटी सम्बन्धी बहुते कडा कानून छै । यूएईमे सामाजिक सञ्जाल (फेसबुक, ट्वीटर, यूट्यूव, टिकटक, ईन्टाग्राम आदी) सम्बन्धी नियमसभ एहन छै :



१. यदि कोई सामाजिक सञ्जालके माध्यमसं दोसरके अपमान केलापर ५ लाख दिरहाम (अर्थात १ करोड ६० लाख) तक जरिवाना लाग सकैय । तै सं सामाजिक सञ्जालमे तेहना कोनो भी सामग्री सेयर आ पोष्ट नै करु । कोई आहाँके विरुद्ध लिखने अछि त, शिकायत कर सकै छी ।

२. तहिना, केकरो अनुमति बिना फोटो सामाजिक सञ्जालमे पोष्ट केलक आ ओकरा विरुद्ध शिकायत दर्ज भेल त, जरिवाना लग सकैय तै केकरो अनुमती बिना फोटो नै खिचके चाही ।

*एहन कानून यूएईमे मात्रे नै भलक मध्यपूर्वके प्राय: देशसभमे छै । तसर्थ सबके सचेत होब आग्रह अछि ।*

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## अञ्जु कुमारी चौधरी

कार्यबाहक अध्यक्ष, प्रतापपुर गाउँपालिका, नवलपरासी

"वितल स्थानीय चुनावमे हम उपाध्यक्षमे निर्वाचित भेल छलौ । वितल जेठ ३२ गते भेल सवारी दुर्घटनामे अध्यक्ष राजकुमार शर्मा के निधन भेलाके बाद अखन कार्यबाहक अध्यक्ष भऽक काम कऽरहल छी । अध्यक्षके निधन भेल समयमे हम वडा नम्बर १ सिसनियामे रहल क्वारेन्टाईनमे छलौ । अखन अध्यक्षके अनुपस्थितीमे काम कर कठिन होईतो निरन्तर खैट रहल छी । दुकोई मिलक पुरा करपरवला जिम्मेवारी अकेले पुरा करपरलापर असहज भेनाई स्वाभाविके छै । पालिका भितर रहल जनताके कोरोना महामारी सँ बचाबके लेल कृयाशिल छी । जनता हमरा सेवा कर पठेने अछि, डरक नै हेतै से सोचलाके कारण डर नै लागल अछि ।"



## शान्ता ज्ञवाली

उपाध्यक्ष, सुद्धोधन गाउँपालिका, रुपन्देही

"शूरु शुरुमे बहुते डर लगै छल । लेकिन अखन डर हटल अछि। निक भेल आदमीसभके देखला सँ कोरोना लगलाके बादौं निक होईत छै से विश्वास बढ्ल अछि । लेकिन, खानपानमे सुधार केने छी । ठंढा चिजसभ नै खाईत छी आ परिवारके सदस्यसभके सेहो नै खायलेल कहैत छी । अखन पालिका भितर विद्यालयसभमे रहल सब क्वारेन्टाईनसभके खाली कराक होम क्वारेन्टाईन के ब्यवस्थापन केने छी । क्वारेन्टाईनमे रहल आ संक्रमित भऽक होम आइसोलेशनमे रहलसभके स्वास्थ्य सामाग्री लऽक भेट जाईत छी । हुनकासभके आत्मविश्वास बढाब मनोपरा( मर्श दऽरहल छी ।"



## लक्ष्मी गुप्ता


उप-प्रमुख, कपिलबस्तु नगरपालिका, कपिलबस्तु

"बोर्डरसँगे जुटल पालिका भेला सँ भारत सँ नुकाछिपी आईबक घरमे रहवला सभ बहुते अछि । हुनकासभके कारण पुरे नगरपालिके जोखिममे छै । चेकजाँच नै कराबैत छैथ, उल्टे घरमे नुकाऽक रहैत छैथ । मास्क लगाब, भौतिक दुरी कायम कऽक रह, भीडभाड नै कर नगरपालिका बेर बेर आग्रह कऽरहल अछि । क्वारेन्टाईन आ आइसोलेशनमे रहलसभके स्वास्थ्य सामग्री तथा रोग प्रतिरोधात्मक क्षमता बढाबवला खाद्य सामग्री लऽक भेट जाईछी आ मनोपरा( मर्श देल करैत छी । जनप्रतिनिधी भेलाके कारण सँ जनतासंगे नै भेटब से कह नै मिलतै । ६ कोईके परिवार छै । हमरा कारण सँ परिवार संक्रमित नै होई से सचेत छी । "

# सच्चै कहबै त, नेपालमे परिक्षणके दायरा अखनो बढल नै छै ।

सही सूचना

## नेपालमे दैनिक पिसिआर परिक्षण





अन्तिम दु सप्ताहके आँकडा देखबै त, कोभिड - १९ के संक्रमण पुष्टि होबके दर ४८ प्रतिशतसँ बढल छै । उपरका ग्राफमे अन्तिम दु सप्ताहके अवधीमे दैनिक पिसिआर परिक्षण कएलगेल संख्याके देखाएल गेल छै । किछ दिनके छोईड् देबै त, दैनिक पिसिआर परिक्षणके संख्या स्थीर जहिना छै । सरकार बेर बेर परिक्षणके दायरा बढाएब कहितो, तथ्यांक ओईके पुष्टि नै करैत छै । जँ परिक्षणके दायरा बढल रहितै त, ओही अनुसार संक्रमण पुष्टि होबवलाके संख्या सेहो अखन देखाएल सँ बेसी देखैतै । तैं सं, परीक्षणके दायरामे सुधार आन सरकारके एकर विस्तार केनाई जरुरी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219